


Poukisa Jezi te mouri?



1. Paske nou tout se moun k'ap fè peche!

Mak 2:17 Jezi tande sa, li di yo konsa: -Lè yon moun an sante, li pa bezwen dòktè. Se moun malad ki bezwen dòktè. Enben, mwen pa vin rele moun k'ap mache dwat devan Bondye yo, men moun k'ap fè sa ki mal yo.

Romans 3:10 Jan sa ekri nan Liv la: Nanpwen moun ki gen rezon devan Bondye. Non, pa menm yon grenn.

Matye 18:11 Paske, Moun Bondye voye nan lachè a vin delivre sa ki te pèdi.

2. Paske gen yon pri pou peche!

Matye 15:18-20a Men, bagay ki soti nan bouch yon moun, se nan kè l' sa soti. Se bagay konsa ki mete yon moun nan kondisyon pou l' pa ka sèvi Bondye. Se nan kè l' tout move lide soti, lide touye moun, lide fè adiltè ak tout lòt bagay ki pa dakò ak volonte Bondye tankou lide vòlò, lide fè manti sou moun, lide bay manti. Se bagay sa yo ki mete yon moun nan kondisyon pou l' pa ka sèvi Bondye. Men, keksyon manje san lave men, jan yo di l' la, sa pa ka mete yon moun nan kondisyon pou l' pa ka sèvi Bondye.

Romans 6:23a “Peche peye nou kach:

Mak 16:16b Men, moun ki pa kwè va kondannen.



Gen yon pri pou peche!

3. Paske Jezi te mouri epi peye pou peche nou sou kwa a!

Matye 1:21 Li pral fè yon pitit gason. Wa rele l' Jezi. Se li menm ki pral delivre pèp li a anba peche l' yo.

Romans 5:8 Sou pwèn sa a, Bondye moutre nou jan li renmen nou anpil; paske nou t'ap fè peche toujou lè Kris la mouri pou nou.

John 3:16 “Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an.”

Matye 18:11 Paske, Moun Bondye voye nan lachè a vin delivre sa ki te pèdi.

4. Delivre se yon kado gratis, pa travay pa bon. Ou dwe pran pawòl Bondye a pou li, epi Jezi fè konfyans pou kont li!

Istwa 4:12 Se li menm sèl ki ka bay delivrans paske Bondye pa bay non okenn lòt moun sou latè ki kapab delivre nou.

Ephesians 2:8-9 Se paske li renmen nou kifè li delivre nou, nou menm ki mete konfyans nou nan li. Sa pa soti nan nou menm menm, se yon kado Bondye ban nou. Non, nou pa fè anyen pou sa. Konsa, pesonn pa ka vante tèt yo.

Titus 3:5 li te delivre nou. Li pa t' delivre nou paske nou te fè kèk bagay ki bon, men paske li menm li te gen pitye pou nou. Li delivre nou lè li lave nou, li voye pouvwa Sentespri li nan nou pou chanje nou nèt, pou n' te ka viv yon lòt jan.

5. Nou dwe mete konfyans nou ak konfyans nan Kris la pou kont li!

Mak 9:23 Jezi di li: -Si m' kapab menm! ...Tout bagay posib wi pou moun ki met konfyans yo nan Bondye.

Mak 1:15 Li t'ap di yo konsa: -Jou a rive. Koulye a, Bondye ki wa nan syèl la ap vin pran pouvwa a nan men li. Tounen vin jwenn Bondye. Asepte Bon Nouvèl la.

Mak 10:15 Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Si yon moun pa asepte otorite Bondye a tankou yon timoun, li p'ap janm ka mete pye l' nan Peyi kote Bondye Wa a.

Romans 10:9-10,13 Si ou deklare ak bouch ou devan tout moun Jezi se Seyè a, si ou kwè tout bon nan kè ou Bondye te fè l' leve soti vivan pami mò yo, wa sove. Paske, lè yon moun gen konfyans tout bon nan kè l', se lè sa a Bondye fè l' gras. Lè yon moun deklare ak bouch li devan tout moun li gen konfyans nan Bondye, se lè sa a Bondye delivre li, Se sa ki ekri nan Liv la: Nenpòt moun ki rele non Met la gen pou jwenn delivrans.



Mete konfyans ou nan Kris la pou kont li!

Si ou vle konnen pou dwa asire kounye a ke ou ap ale nan syèl la, lapriyè lapriyè sa a, men ou dwe vle di li nan kè ou.

Chè, Seyè,

mwen konnen se mwen menm ki yon pechè e mwen kondannen. Mwen kwè ke Jezi te mouri pou m 'sou kwa a pou peche mwen epi mwen mete konfyans ou kounye a Jezi pran m' nan syèl la. Kounye a mwen mete konfyans mwen nan ou a delivre m 'epi pran m' nan syèl la lè m 'mouri. Mwen mande ou a padonnen m 'nan tout peche m' yo. AMEN